

# FILOSOFI LAN WATAK TEMBANG MACAPAT

Dening :

PUJI WALUYA, S.Pd

## **FILOSOFI LAN WATAK TEMBANG MACAPAT**

- Tembang macapat saget pun wastani salah satunggiling tembang utawi lagu daerah ingkkang kawentar ing tanah Jawi. Dumugi samenika taksih dipun sinau saha dipun ngrembakakaken dening masyarakat Jawi.
- Tembang macapat pancen ngremenaken dipun sinau. Wonten 11 tembang macapat ingkang dipun kawruhi dening masyarakat suku Jawi. Ingkang saben tembang macapat nggadhahi watak , filosofi saha paugeran piyambak-piyambak.

# FILOSOFI TEMBANG MACAPAT

Saking cacah 11 tembang macapat menika  
estunipun mujudaken carios lampahing  
gesang manungsa wiwit saking guwa  
garba, alam donya ngantos dumugi ing  
alam kubur.

# WATAK TEMBANG MACAPAT

Kajawi menika tembang macapat ugi kagungan watak piyambak-piyambak, saking watak sedhah, sengsem, pitutur, sereng, tresna lan ugi kabagyan

# 1. Maskumambang

- Fiosofi tembang Maskumambang menika nyariosaken rikala manungsa cinipta dening Kang Murbeng gesang rikala mapan ing guwa garba saderengipun kaparingan ruh, dereng saget pun mangertosi jalu menapa pawestri.
- Maskumambang saking tembung “mas” ingkang saget mangertosi jati dhirinipun, saha “kumambang” utawi kemampul , ateges gesangipun taksih ngambang gumantung dhatheng ibunipun rikala wonten kandhutan.

## Watak

- Menggah watakipun tembang maskumambang menika nggambaraken swasana sedhik, susah utawi nalangsa.

## Tuladha :

- Wong tan manut pitutur wong tuwa ugi,
- Hanemu duraka,
- Ing donya tumekeng akhir,
- Tan wurung kasurang-surang

# 2 MIJIL

- Filosofi

Tembang Mijil mratelakaken bilih satunggaling wiji utawi winih sampun lahir ing ngalam donya. Mijil pinangka pralambang wiwitaning manungsa ngambah ing alam donya ingkang taksih suci, taksih ringkih pramila taksih mbetahaken pangrengkuh lan kedah dipun jagi.



- Watakipun tembang mijil nggambaraken swasana ingkang tinarbuka, kebak ing pitutur saha katresnan.

# 3.KINANTHI

## Filosofi

- Kinanthi saking tembung kanthi tegesipun dipun gandheng utawi dipun tuntun.
- Filosofi tembang Kinanthi menika nggambaraken lampahing gesang tumrap lare ingkang nembe mbetahaken panggandheng lan panuntun supados saget jumangkah, tumindak supados ing tembenipun mboten nalisir.

## Watak

- Watak tembang kinanthi, kebak ing pitutur, patuladhan ingkang sae. Tembang kinanthi cocok sanget kangge medharaken nasihat utawi pitutur luhur .

# 4. SINOM

## Filosofi

- Tembung sinom tegesipun pucuking gegodhongan ingkang nembe semi lan mekar. Tembang Sinom menika nggambaraken lampahing gesang manungsa ingkang nembe ngancik diwasa. Minangka jejering wiranem ingkang nembe mekar saget pun wastani remaja. Nalika nglampahi jejering wiranem nggadhahi tanggul jawab ngudi ngelmu ingkang sa inggilipun supados kagem sangu gesang ing madyaning bebrayan.

## Watak

- Tembang Sinom menika watakipun supados saget mangreh ing kasabaran, ramah dhumateng sok sintena kemawon lan nengenaken dhateng laku sumadulur

# 5. ASMARANDANA

## Filosofi

- Tembung Asmarandana menika kapendhet saking tembung” asmara “ ateges katresnan. Filosofi tembang Asmarandana menika pinangka pralambang lampahing gesang manungsa ngancik ing alam katresnan antawisipun jalu kaliyan pawestri. Kangge nemtokaken pasanganing gesang ing alam donya.

## Watak

- Watak tembang Asmarandana menika nggambaraken rasa asih tinresnanan, lan ugi nggadhahi watak sedhik lan nalangsa.

# 6. GAMBUDH

## Filosofi

- Tembung gambudh menika tegesipun: gathuk, nyambung utawi cocog. Tembang Gambudh menika nggambaraken lumampahing gesang manungsa ingkang sampun pinanggih kaliyan jodhonipun ingkang sampun cocog ing manah.



## Watak

- Watak tembang Gambuh menika sumadulur, kebak ing raos pasedherekan.

# 7. DHANDHANGGULA

## Filosofi

- Tembung Dhandhanggula saking tembung dhandhang lan gula. Dhandhang menika teges pangajab, dene gula menika manis. Filosofi tembang Dhandhanggula menika mawa teges gesanging manungsa kagungan pangajab manggiha gesang ingkang mulya kebak ing kabagyan.

## Watak

Wondene tembang dhandhanggula menika sifatipun umum (universal), luwes saget konjem ing manah

# 8 DURMA

- **Filosofi**

Tembung Durma menika ateges weweh, peparing. Filosofi tembang Durma menika bilih wonten ing panggesangan kita tansah nengenaken weweh utawi darma dhateng tiyang sanes. Bantu binantu kanthi ikhlas, sebab ngengeti gesang menika mboten ajeg, kala mangsane kita taksih mbetahaken pitulungan tiyang sanes.

## Watak

Watakipun tembang Durma menika tegas,  
semangat ingkang makantar-kantar, kebak ing  
nafsu amarah.

# 9. PANGKUR

- **Filosofi**

Tembung pangkur menika saking tembung mungkur ingkang ateges nilaraken. Filosofi tembang Pangkur menika nggambaraken tiyang gesang ingkang sampun mengkeraken kadonyan (duniawi), nilaraken nafsu angkara murka, nyimpangi saking tumindak awon. Sampun nyelak dhateng Pangeran.

## Watak

Watakipun tembang Pangkur gagah, sentosa, prakosa lan agenging manah. Tembang Pangkur menika cocog menawi kagem mratelakaken semangat pahlawan lan cariyos perjuangan

# 10. MEGATRUH

## Filosofi

- Tembung megatruh saking “megat” lan “roh”, ingkang tegesipun pegat kaliyan rohipun .  
Filosofi tembang megtruh menika nggambaraken bilih sejarah gesangipun ing alam donya sampun rampung. Roh ipun sampun pegat kaliyan badan wadhag (jasmani) lan roh badhe wangsul ing ngayunan Gusti.



## Watak

Watakipun tembang Megatruh menika: sedhah,  
nalangsa.

# 11 POCUNG

## Filosofi

- Pocung kapendhet saking tembung pocong. Nggambaraken pungkasing lampahan gesang kita utawi seda sasampunipun dipun suceni lajeng kabungkus mori pethak utawi dipun pocong saderengipun kapetak ing sasana laya.

## Watak

- Watakipun tembang Pocung menika mardika utawi bebas. Ugi dipun wastani sakkarsanipun pribadi. Biasanipun tembang Pocung menika kagem nyariosaken bab ingkang lucu (humor) lan ugi kagem paring pitutur.

# MATUR NUWUN

- JERUKSARI, 19 NOVEMBER 2017

- PUJI WALUYA, S.Pd

[www.wonosari-wonosari.desa.id](http://www.wonosari-wonosari.desa.id)